

NOVEL JUMINEM DODOLAN TEMPE ANGGITANE TULUS SETIYADI
(Tintingan Sosiologi Sastra)

IVA NILASARI NUR CAHYA

Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Dhaerah
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Surabaya

Ivanila868@gmail.com

ABSTRAK

Novel *Juminem Dodolan Tempe* anggitane Tulus Setiyadi mujudake salah sawijne asiling reription sastra ngenani kedadeyan sajroning panguripane manungsa. Novel *Juminem Dodolan Tempe* narik kawigaten kanggo didadekake objek panliten ngenani konflik sosial sajrone bale wisma kanthi nggunakake tintingan sosiologi sastra, amarga novel ngandhut tema kang ana gegayutane karo panguripane masyarakat. Konflik sajrone novel cundhuk marang kedadeyan kang ana ing satengahing masyarakat, ngenani kanyatan lan kahanan ing sakiwa tengene.

Uderan panliten iki yaiku (1) Kepriye struktur crita sajrone novel JDT anggitane Tulus S; (2) Gegambaran konflik sosial sajrone novel JDT anggitane Tulus S; (3) Cara mungkasi konflik sosial sajrone novel JDT anggitane Tulus S; lan (4) Aktualitas konflik sosial ing bale wisma sajrone novel JDT yen digayutake karo kanyatan ing bebrayan. Panliten iki nduweni ancas yaiku (1) Ngandharake struktur crita sajrone novel JDT anggitane Tulus S; (2) ngandharake gegambaran konflik sosial sajrone novel JDT anggitane Tulus S; (3) Ngandharake cara mungkasi konflik sajrone novel JDT anggitane Tulus S; sarta (4) Ngandharake Aktualitas konflik sosial ing bale wisma sajrone novel JDT yen digayutake karo kanyatan ing bebrayan.

Panliten iki nduweni paedah, yaiku Tumrap panliti, panliten iki minangka sarana ngecakake ilmu, kawruh lan ketrampilan kang wis ditampa ing bangku kuliyah gegayutan marang tintingan sosiologi sastra. Tumrap pamaca, bisa nambah kawruh lan bisa dadi sarana awèh piwulangan ngenani status sosial lan konflik sajrone mangun bale wisma. Tumrap piwulangan, bisa didadekake patuladhan mligine ngenani mangun bale wisma. Tumrap sastra Jawa Modern, bisa dadi sarana panyengkuyung anggone ngrembakake telaah sastra, mligine sosiologi sastra sajrone karya sastra.

Metodhe kang digunakake sajrone panliten iki yaiku metodhe dheskriptif kualitatif kanthi pamarekan sosiologi sastra, mligine sosiologi kasusastran. Sumber dhata panliten arupa novel *Juminem Dodolan Tempe*. Dhata panliten awujud gegambaran konflik sosial ing bale wisma sajrone novel *Juminem Dodolan Tempe*, gegambaran konflik sosial awujud ukara utawa paragraf. Anggone ngumpulake dhata kasebut ngunakake metodhe studi kapustakaan utawa dokumen. Teknik analisis dhata nggunakake metodhe dheskriptif analisis.

Asile panliten iki diperang dadi papat adhedhasar undheran panliten. Sepisan, struktur crita sajrone novel ana loro, yaiku (1) tema mayor kacingkrangan lan tema minor pangupajiwa lan katresnan. (2) paraga yaiku Juminem, Mariyanto, Minah lan Mbok Joyo Pangat. Gegambaran konflik sosial sajrone novel diperang dadi loro yaiku konflik kulawarga lan konflik masyarakat. Cara mungkasi konflik sosial diperang dadi loro yaiku lumantar Dhiri Pribadi lan lumantar wong liya. Cara mungkasi konflik lumantar Dhiri Pribadi kagambarake lumantar kedadeyan kang bisa ngowahi pamikirane paraga saengga ngowahi tumindake kanggo mungkasi konflik kasebut. Cara mungkasi konflik lumantar wong liya yaiku kagambarake saka pambiyantune paraga pambiyantu marang konflik sosial paraga utama. Pungkasan, Aktualitas konflik sosial ing bale wisma sajrone novel yen digayutake karo kanyatan ing bebrayan bisa kajupuk saka medhia massa kang ngamot konflik-konflik sosial.

Tembung wigati: sosiologi sastra, gegambaran konflik sosial, aktualitas konflik sosial.

PURWAKA

LELANDHESAN PANLITEN

Kacingkrangan yaiku kahanan sing kedadeyan saka ora mampu kanggo nyukupi kabutuhan dhasar kayata sandhang, pangan, papan, pendhidhikan lan kesehatan. Kacingkrangan ana disebabake amarga langkane alat kanggo nyukupi kebutuhan dhasar utawa anget akses tumrap pendhidhikan lan penggaweyan. Kacingkrangan uga bisa sinebut kahanan manungsa sing ora bisa utawa ora sanggup kanggo ngopeni awake dhewe, gayut klawan uripe kelompok. Lan ora bisa manfaatké tenaga, mental utawa fisik sajrone kelompok kasebut.

Faktor sing njalari tuwuh kacingkrangan satengahing bebrayan maneka warna jinise. Saka faktor indhividhu, tegese kacingkrangan tuwuh saka tumindak utawa pilihan saka manungsa sing ora gelem ngupaya utawa megawe kanggo nyukupi kabutuhan sandhang, pangan, papan lsp. Saka faktor kaluwarga, tegese amarga tingkat pendhidhikan sing cendhek saengga ndadekake manungsa ora bisa nggolek penggaweyan sing bisa nyukupi kabutuhan saben dinane. Struktural, tegese kacingkrangan iki ditegesi minangka akibat saka struktur sosial ing bebrayan lan liya-liyane.

Kacingkrangan nduweni dampak sing maneka warna amarga kahanan lan penyebab sing beda nuwuhake akibat sing beda uga. Dampak saka kacingkrangan sing lumrah ditemoni ing satengahing bebrayan yaiku pengangguran lan konflik sosial. Pengangguran minangka dampak saka kacingkrangan sing nduweni sesambungan karo pendhidhikan lan ketrampilan sing ora dikuwasani masyarakat. Saka bab kasebut ndadekake masyarakat angel kanggo bisa ngrembaka lan nggolek penggaweyan sing pantes kanggo nyukupi kabutuhan uripe. Amarga ora nduwe penggaweyan mila ora ana asil kanggo nyukupi.

Konflik sosial sajrone bebrayan tuwuh amarga dampak saka kacingkrangan. Masyarakat sing ora nduweni penggaweyan ora bisa nyukupi kabutuhane banjur nglakoni tumindak ala kayata kriminal. Ora mung tumindak sosial, nanging uga magribawani marang rasa percayane manungsa marang liyan. Manungsa sing nandhang kacingkrangan sajrone bebrayan kaanggep minangka manungsa sing ora bisa diajeni lan dipercaya.

Salah sawijine cara supaya manungsa ora nandhang kacingkrangan yaiku nduweni penggaweyan. Penggaweyan sing disengkuyung dening pendhidhikan lan ketrampilan sing di duweni manungsa. Pendhidhikan lan ketrampilan wigati banget kanggo mbantu manungsa supaya ora nandhang kacingkrangan, nanging uga isih disengkuyung faktor-faktor liyane. Mligine kanggo priya kang wis dadi kepala ing balewismane, wajib nduweni penggaweyan sing ajeg. Minangka wujud

tanggung jawab marang keluargane, priya kudu bisa ngobahke awake supaya kabutuhan keluargane bisa dicukupi.

Sesambungan karo bab iku, cundhuk karo Welék lan Warren (2014:119) sing ngandharake menawa sastra kuwi kacabenggala lan wujud *ekspresi* panguripane manungsa. Sastra minangka asil budhaya, dadi salah sawijining kabutuhane masyarakat. Kejaba kuwi wis kasumurupan sastra nduweni tujuwan kanggo ngandharake maksud tartamtu, lan karya sastra iku raket banget gandheng cenenge karo kahanan panguripan (Hutomo, 1997:23).

Karya sastra akeh banget sing nggambarake kahanan ing masyarakat. Karya sastra iku nggambarake panguripane manungsa sajrone bebrayan. Kaya-kaya karya sastra iku duweke masyarakat amarga obyek saka karya sastra iku manungsa sajrone masyarakat. Kaya sing wis diandharake mau yen karya sastra akeh sing nggambarake prekara-prekara sosial sajrone bebrayan. Salah sawijining sing digambarake yaiku ngenani konflik sosial. Saka kahanan kasebut sastrawan bisa mujudake dadi sawijining karya sastra kaya ta cerbung, novel, cerkak, lan liya-liyane (Nurgiyantoro, 2013:25).

Objek kang bakal digunakake kanggo panliten iki yaiku karya kang awujud fiksi. Prosa minangka karya awujud fiksi. Wujud prosa sajrone sastra Jawa modern yaiku cerkak, cerbung lan novel. Genre novel kasebut kang bakal digunakake minangka objek kajian panliten iki. Cerita sajrone novel diandharake kanthi bebas, nyuguhake samubarang kanthi luwih akeh, rinci, detail lan ngemot maneka warna prakara kang luwih kompleks tinimbang cerkak lan cerbung (Nurgiyantoro, 2013:11).

Novel ing donyane kasusastran Jawa saiki tansaya ngrembaka. Wis akeh pangripta-pangripta sing ngripta novel kanthi nggunakake tema sosial lan nduweni gegayutan marang bale wisma. Tuladhane kayata novel anggitane Tulus Setiyadi kanthi irah-irahan *Juminem Dodolan Tempe* sing nduweni tema ngenani konflik sosial sajrone mangun bale wisma. Tulus S ing kene nyoba menehi gambaran ngenani konflik-konflik sing ana sajrone mangun bale wisma. Tulus uga menehi gambaran konflik sosial bale wisma kanthi apa sing nuwuhake konflik-konflik sosial kasebut.

Tulus Setiyadi minangka sastrawan Jawa lulusan Program Studi Teknologi Pangan lan Gizi ing Fakultas Teknologi Pertanian Universitas Widya Mataram Yogyakarta. Wiwit sekolah pancen seneng sinau budaya lan sastra mligine kang magepok karo kabudayan Jawa. Wektu kuliah nate ngudi kawruh ing Padepokan “Gerindra Pancasila Mawahu Buwana” kagugane Prof.Dr.R.M Wisnoe Wardhana. Tulus Setiyadi uga nate nyoba sinau pedhalangan, sinau pedhalangan agarak Mangkunegaran, sinau pranatacara lan

pamedhar sabda, warga sanggar tari, paguyuban-paguyuban lan organisasi-organisasi kang nggeluti marang sastra Jawa lan budaya Jawa.

Minangka sastrawan kang produktif, Tulus Setiyadi wis ngriptake karya sastra kanthi maneka warna genre lan tema. Dene karya-karya kang nate ditulis kayata : *Sangkrah* (antologi geguritan lan cerkak), *Sang Guru* (antologi cerkak), *Uran-Uran Katresnan* (novel), *Daya Katresnan* (antologi geguritan), *Serat Cipta Rasa* (antologi geguritan mawa aksara Jawa) lan isih akeh liyane. Tulus Setiyadi uga nate nulis karya arupa dongen lan esai, kayata: *Dongeng Kancil Kanggo Bocah* , *Puspa Tunjung Taruna* (esai), *Pendekatan Nilai-Nilai Filosofis Dalam Karya Sastra Jawa* (esai), *Nilai-Nilai Luhur Budaya Jawa-Sumber Kearifan Lokal* (esai).

Novel Tulus Setiyadi kanthi irah-irahan *Juminem Dodolan Tempe* (sabanjure katulis JDT) nyritakake ngenani konflik-konflik kang ana ing bale wisma. Novel JDT iki narik kawigaten yen diwawas saka kahanane paraga utama wanitane. Lelakone dicritakake lumantar tuwuhe konflik-konflik kang kompleks. Konflik ngenani paraga ing novel JDT iki katon onjo banget, mligine bab prakara-prakara kang ana sajrone mangun bale wisma kang ditulis dening pangripta.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, novel JDT durung nate diteliti mula novel iki narik kawigaten panliti kanggo didadekake objek panliten ngenani konflik sajrone bale wisma kanthi nggunakake tintingan sosiologi sastra. Bab kang bakal diteliti ing panliten iki yaiku kapisan struktur cerita sajrone novel, kapindho gegambaran konflik sosial sajrone novel. Cara mungkasi konflik sosial sajrone novel lan aktualitas konflik sosial.

UNDERANE PANLITEN

- 1) Kepriye struktur crita sajrone novel *JDT* anggitane Tulus S?
- 2) Kepriye gegambaran konflik sosial sajrone novel *JDT* anggitane Tulus S?
- 3) Kepriye cara mungkasi konflik sosial sajrone novel *JDT* anggitane Tulus S?
- 4) Kepriye aktualitase konflik sosial ing bale wisma sajrone novel *JDT* yen digayutake karo kanyatan ing bebrayan?

ANCASE PANLITEN

- 1) Ngandharake struktur crita sajrone novel.
- 2) Ngandharake gegambaran konflik sosial sajrone novel *Juminem Dodolan Tempe* anggitane Tulus S kasebut.
- 3) Ngandharake cara mungkasi konflik sajrone novel *Juminem Dodolan Tempe* anggitane Tulus S kasebut.
- 4) Ngandharake aktualitase konflik sosial ing bale wisma sajrone novel *JDT* yen digayutake karo kanyatan ing bebrayan.

PAEDAHE PANLITEN

- 1) Tumrap panliti, panliten iki minangka sarana ngecakake ilmu, kawruh lan ketrampilan kang wis ditampa ing bangku kuliyah gegayutan marang tintingan sosiologi sastra.
- 2) Tumrap pamaca, bisa nambah kawruh lan bisa dadi sarana aweh piwulangan ngenani status sosial lan konflik sajrone mangun bale wisma.
- 3) Tumrap piwulangan, bisa didadekake patuladhan mligine ngenani mangun bale wisma.
- 4) Tumrap sastra Jawa Modern, bisa dadi sarana panyengkuyung anggone ngrembakakake telaah sastra, mligine sosiologi sastra sajrone karya sastra.

WEWATESANE TETEMBUKAN

- 1) Novel :
Novel yaiku salah sawijine crita prosa kang fiktif kanthi nduweni crita kang dawa, nggambarake para paraga, obah mosik sarta adhegan ing kauripan kang refresentati sajrone alur utawa kahanan kang rada kaco (Purba, 2010:62)
- 2) Sosiologi sastra:
Salah sawijining teori kang nganalisis kanthi cara langsung antarane sastra lan masyarakat (Ratna, 2011:3).

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Sastra

Sastra yaiku ekspresi panguripan manungsa kang ora uwal saka bebrayane (Endraswara, 2008:78). Sastra minangka wujud saka kegiatan kreatif lan produktif sajrone ngasilake salah sawijine karya kang nduweni nilai lan rasa estetis sarta minangka wujud saka realitas sosial ing bebrayan. Wellek (2014:3) ngandharake sastra yaiku salah sawijine kagiyatan kreatif karya seni. Teges saka sastra digunakake kanggo nandhani gejala budaya kang ditemoni ing sakabehing bebrayan tumrap sosial, ekonomi lan agama anane kuwi dudu minangka gejala kang universal (Chamamah sajrone Jabrohim, 2003:9)

Sastra minangka tulisan Miturut Teeuw (sajrone Faruk, 2013:40) sastra sajrone pangupayane ngrumusake pangerten sastra munjerake akehe kawigaten ing pangerten tulisan kanthi nggunakake akeh titikan. Ora kabeh karya tulis didadekake perangan saka karya sastra. Asil karya sastra manungsa kang ora awujud tulisan bisa dadi perangan karya kasebut. Nanging uga isih ana kang bisa mertahanke saka pangerten sadurunge, yaiku pangerten kang ana sajrone jeneng saka tulisan kasebut yaiku basa (Faruk, 2013:40).

Wellek lan Werren (2014:3-4) karya sastra yaiku sawijine kagiyatan kreatif karya seni. Sastra

bisa awujud samubarang kang ditulis lan dicetak. Sakliyané iku, karya sastra uga diarani karya imajinatif kang diwawas luwih jembar tinimbang karya fiksi.

Teeuw (2014:224) ngandharake karya sastra minangka gegambaran saka kanyatan. Mula saka iku kanggo mangerteni karya sastra ora kena diugemi lan diteliti uwal saka konteks liyané. Pradopo (2003:59) Karya sastra iki uga karya kang asipat imajinatif yaiku karya sastra kang kedadeyan amarga saka pangangen-angen. Asile pangangen-angen kuwi mau kalebu panemu kang anyar, banjur panemu anyar iku ditata sajroné sawijiné sistem kanthi kakuwatan imajinasi saéngga bisa dadi donya anyar kang sadurunge durung ana.

Sastra kawujud saka imajinasi ing sakupenge bebrayan. Proses kanggo ngasilake karya sastra bisa menèhi sawijiné pandeleng yèn sastra kuwi minangka gegambarane manungsa urip ing bebrayan. Sastra minangka lembaga sosial kang migunakake basa dadi kasunyatan sosial. Sastra uga nduweni gegayutan marang manungsa sajroné bebrayan, panguypayane manungsa kanggo ngetrepake awake lan usahane kanggo ngowahi bebrayan kuwi.

Sosiologi

Sosiologi dumadi saka tembung *sosio/socius* lan *logi/logos*, *sosio* tegesé bebrayan dene *logos* ateges elmu, dadi sosiologi ateges ngelmu sosial kang ngrembag ngenani asale lan pangrembakane bebrayan. Maneka werna jinisé elmu sosial ing bebrayan yaiku kayata ekonomi marang agama, kulawarga marang moral lan hukum marang ekonomi (Ratna, 2011:1). Sosiologi minangka pamekarane ilmiah kang nengenake analisis kanthi objektif ngenani manungsa sajroné bebrayan, ngenani lembaga bebrayan lan proses-proses sosial. (Singewood sajroné Yasa, 2012:21)

Sumarjan (sajroné Saraswati, 2003:3) ngandharake sosiologi yaiku kawruh kang nyinaoni struktur sosial lan proses-proses sosial lan kalebu owah-owahan sosial ing bebrayan. Sosiologi minangka elmu kang nyinaoni ngenani manungsa ing bebrayan. Sosiologi nyinaoni sakabehe kedadeyan kang dilakoni dening manungsa, kalebu uga ngenani prakara-prakara kang tuwuh sajroné bebrayan. Mliginé uga ing bale wisma. Prakara-prakara ing bale wisma bisa dianalisis kanthi nggunakake teori sosiologi.

Sosiologi Sastra

Sosiologi dumadi saka tembung *sosio/socius* lan *logi/logos*, *sosio* tegesé bebrayan dene *logos* ateges elmu, dadi sosiologi ateges ngelmu sosial kang ngrembag ngenani asale lan pangrembakane bebrayan. Roucek lan Warren (sajroné Soekanto, 2013:20) yaiku ngelmu kang nyinaoni sesambungane manungsa ing kelompoké. Saemper marang panemuné Soekanto (2013:15)

ngandharake sosiologi kalebu ngelmu sosial kang objeke yaiku bebrayan. Miturut Wellek lan Warren (2014:100) telaah sosiologi kasebut nduweni telung perangan, yaiku :

- a. Sosiologi pangripta kang mbahas ngenani profesi pangripta lan institusi sastra kayata dhasar ekonomi prodhuksi sastra, status pangripta, ideologi pangripta lan sapiturute ngenani pagripta.
- b. Sosiologi kasusastran kang nengenake babagan kang sesambungan karo kasusastran iku dhewe, kang ngemot babagan isi kasusastran, tujuwan sarta babagan liyané kang kasirat sajroné kasusastran kasebut kang sesambungan karo prakara-prakara sosial.
- c. Sosiologi kang nengenake pamaca daya pangaribawan saka kasusastran.

Sosiologi sastra minangka salah sawijining pendhekatan ekstrinsik (Darmono 1994:3). Sosiologi bisa ditegesi minangka pendekatan sastra kang nengenake segi-segi kemasyarakatan (Wellek lan Warren 2014:109). Sosiologi sastra nengenake masalah sastra lan kahanan sosial tartamtu, sistem ekonomi, sosial, adat istiadat, lan politik. Ing pendekatan sosiologi iki masiya pangripta nggambarake kahanan sosial kang ada ing lingkungane, during mesthi padha marang pepenginané masyarakat. Pendekatan sosial nduweni segi-segi paedah, nduweni paedah yèn kritikus dhewe ora nggambarake segi-segi intrinsik kang mbangun sastra, saliyané nengenake sosiologi sastra mangerteni yèn karya sastra iku diciptakake dening kreatifitas kanthi nduweni paedah factor imaji. Pendekatan sosiologi umum dilakoni kanthi ana gayutane sosial sastra lan masyarakat minangka dokumen sosial, minangka potret kasunyatan (Wellek lan Warren 2014:110).

Ritzer (sajroné Faruk, 2013:3) ana telung paradigma minangka lelandhesaning sosiologi yaiku paedigma kanyatan sosial, paedigma definisi sosial lan paedigma tumindak sosial. Sajroné paradigma iki kang ditemokake minangka punjering prakara sosial yaiku fakta sosial kang arupa lembaga-lembaga lan struktur-struktur sosial. Fakta sosial kasebut kaanggep minangka samubarang nyata. Dene kang kaanggep minangka punjering prakara sosiologi deneing katelu paradigma kasebut yaiku tumindake manungsa minangka objek kang nyata.

Masalah pokok sosiologi sastra yaiku karya sastra iku dhewe, minangka aktifitas kreatif kanthi cirri kang beda-beda (Ratna 2013:8). Karya sastra nduweni tujuwan padha, yaiku minangka motivator ing arah sosial kang luwih nduweni guna, kanggo nggoleki nile-nile kabecikan kang bisa ngangkat lan nggawe apik kahanan alam semesta. Tujuwan sosiologi sastra yaiku kanggo ningkatake pemahaman sastra marang gayutane masyarakat, ngandharake yèn sing diandharne iku ora nyata nanging bisa dadi kasunyatan ing urip bebrayan.

Perlu kita mangerteni yen teori sosiologi sastra ora digunakake kanggo ngandhrake kasunyatan sosial kang disalin pangripta ing karyane. Teori iki nganalisis bab sing ana gayutane wilayah budaya pangripta marang karyane, gayutane karya sastra marang kelompok sosial, gayutane gejala sosial kang tuwuh ana ing masyarakat pangripta marang karyane. Kamangka teori sosiologi kang digunakake kanggo nganalisis karya sastra ora bisa nyampingake eksistensi pangripta ing pengalamane, sastra budaya panggonan karya iku diciptakake.

Modhel analisis sosiologi sastra kanggo nintingi karya sastra ana telung peranan, yaiku (1) nganalisis prakara-prakara sosial kang kinandhut ing asile karya sastra, (2) nemokake sesambungane struktur kanthi modhel kang dialektika, (3) nganalisis asile karya sastra kanthi ancas supaya pikantuk katrangan kang bakale ditindakake ing panliten sabanjure.

Sastra lan Masyarakat

Sastra lan masyarakat nduweni gegayutan, amarga sastra tuwuh sajrone masyarakat kang urip ing ndonya iki. Karya sastra kang diripta dening pangripta asil saka daya imajinasi, kratifitas lan panemune pangripta kang dideleng saka sakabehe kedadayan kang ana ing masyarakat, kayata kedadayan-kedadayan ngenani ekonomi, sosial, lan budaya. Kanyatan-kanyatan urip ing bebrayan minangka bahan utawa objek kang narik kawigaten tumrap pangripta kanggo ngasilake karya sastra. Kahanan kasebut diolah dening pangripta kanthi daya pamikir lan nggambarake imajinasinesaengga dadi wujud karya sastra kang endah. Kaendahan kang ana ing karya sastra diandharake lumantar teks.

Ratna (2013:333) ngandharake yen sastra nduweni sambung rapet marang masyarakat, yaiku (1) sastra ditulis dening pagripta, dicritakake dening tukang crita, lan disalin dening tukang nyalin. Pangripta, tukang crita lan tukang nyalin mujudake peranan saka masyarakat, (2) sastra urip ing masyarakat saengga njupuk peranan sajrone masyarakat, (3) sastra ngemu peranan kawruh, kaendahan lan piwulang kang katelune nduweni sesambungan marang masyarakat, lan (4) sastra nuduhake hakekat *intersubjektivitas* yaiku masyarakat nemokake crita ing karya sastra.

Andharan ing ndhuwur kasebut nuduhake yen sastra lan masyarakat nduweni sambung raket. Sastra kang diripta dening pangripta kuwi kajupuk saka apa kang ana ing masyarakat. Karya sastra kang diripta dadi pangilon saka kahanan masyarakat ing wektu tartamtu nalika karya sastra kuwi diripta dening pangripta. Ngripta karya sastra kaiket dening norma-norma lan adat istiadat kang ana ing jaman kuwi, tegese pangripta nalika ngripta uga nengenake lan cundhuk marang adatistiadat lan norma-norma kang ana.

Struktur Cerita

Struktur karya sastra bisa diarani minangka susunan lan gegambaran sakabehe unsur bisa dadi komponen kang lumantar bebarengan mujudake karya kang endah. Struktur bisa dimangerteni minangka aturan kang ndadekake elemen-elemen kanthi rinci. Cita fiksi nduweni struktur-struktur kang mangun cita yaiku tokoh, kedadayan kang dilakoni ing panggon, wektu lan cita sosial budaya kang manggon ana ing papan kedadayan kasebut.

Ratna (2013:18) ngandharake sajrone sosiologi sastra kang onjo cetha teori-teori kang gegayutan karo sastra, dene teori-teori kang gegayutan karo sosiologi nduweni guna minangka panjangkep. Nurgiyantoro (2013:57) ngandharake strukturalisme yaiku totalitas kang dibangun lumantar koherensi saka unsur-unsur instrinsike. Konsep dhasar strukturalis yaiku cara mikir ngenani jagad kang gegayutan karo pamanggi lan dheskripsi struktur-struktur (Endraswara, 2013:49)

Analisis struktural karya sastra bisa ditindakake kanthi ngindhentifikasi, nintingi, lan nggambarake piguna sarta sesambungan antarane unsur fiksi kang gegayutan. Analisis struktural nduweni ancas njlentrehake kanthi tliti piguna lan sesambungan antarane unsur karya sastra kanthi bebarengan ngasilake sawijine kawutuhan. Sakliyané ngandharake unsur sastra kaya alur, paraga lan pamaragan, kedadayan, latar lan liya-liyané uga ngandharake lan nuduhake sesambungan antarane unsur-unsur kasebut lan sumbangan kang diwenehake tumrap tujuwan estetik lan makna sakabehe kang bakal digayuh.

Unsur struktural sejatine ana akeh kaya alur, paraga lan pamaragan, tema, setting lan sudut pandang. Panliten iki bakal nliti ngenani unsur tema sarta paraga lan pamaragan. Amarga saklorone minangka unsur kang paling onjo lan nduweni kalungguhan luwih akeh tinimbang unsur liyané.

Tema

Tema yaiku inti pokok sawijine cita sajrone karya sastra, ing kene awujud karya sastra Jawa mligine novel Jawa. Staton lan Kenny (sajrone Nurgiyantoro, 2013:114) ngandharake tema yaiku makna utawa teges kang ana sajrone salahwijiine cita. Ananging ana akeh makna kang kinandhut sajrone cita lan ditawarke sajrone cita fiksi kasebut.

Tema minangka lelandhesan umum kang dadi panyengkuyung salah sawijine karya sastra lan kang kinandhut sajrone teks minangka struktur semantik kang nggayutake unsur kang padha lan beda (Hartoko lan Rahmanto, sajrone Nurgiyantoro 2013:115). Baldic (sajrone Nurgiyantoro, 2013:115) ngandharake yen tema yaiku lelandhesan abstrak utama kang kinandhut sajrone karya sastra utawa kang kerep ana lumantar cara eksplisit utawa implisit lumantar motif kang ana.

Mila, tema yaiku lelandhesan umum kang nyengkuyung salah sawijine karya sastra minangka struktur semantik lan asipat abstrak kang kerep utawa bola-bali ana lumantar motif-motif lan lumrahe dilakoni kanthi cara implisit. Kanggo nemtokake tema sajrone karya sastra fiksi, bisa didudut saka sakabehe crita ora mung saka bageyan-bageyan tartamtu. Tema kaperang dadi telung peranan, yaiku tema asipat tradhisional lan non-tradhisional, tema miturut Shipley, tema utama lan tema tambahan.

Tema tradhisional lan tema non-tradhisional

Tema tradhisional yaiku tema kang disenengeni dening pamaca ing tataran status sial apa wae, ing ngendi wae, kapan wae lan ditemokake ana ing pirang-pirang crita. Kedadeyan mangkono dijalari amarga saben manungsa tresna marang kebecikan lan kajujuran uga suwalike kalebu uwong kang ora becik. Tema kang bisa diwawas minangka tema tradhisional yaiku (1) kebecikan lan keadilan ngalahake kadurjanan, tumindak kadurjanan ditutupi kaya ngapa bakal konangan, (2) Tumindak becik lan ala bisa nuwuhake asile dhewe-dhewe ing dina tembe, (3) Tresna sejati mbutuhake pengorbanan, (4) Kanca sejati yaiku kanca kang ora teka nalika butuh wae, nanging tansah setya ana kahanan apa wae, (5) Sawise nampa kasusahan, manungsa lagi eling marang Gustine, (6) Lan ana paribasan “berakit-rakit ke hulu, berenang-renang ketepian”.

Tema saka karya sastra bisa uga nggunakake babagan kang ora sapatute, kayata babagan kang nontradisional yaiku ing kene diarani tema nontradisional. Amarga nduweni sipat kang nontradisional, mila bisa ndadekake rasa gela pamaos, ora padha kaya apa sing dikarepeke pamaos, ngagetake bisa uga ndadekake kuciwa utawa reaksi afektif liyane.

Tingkatan tema miturut Shipley

Shipley (sajrone Nurgiantoro 2013:130) ngandharake tema minangka subjek wacana, topik umum, utawa prakara utama kang ana sajrone crita. Shipley merang tema-tema karya sastra adhedhasar tingkatan-tingkatan. Sakabehe ana limang tingkatan, adhedhasar saka tingkatan pengalaman jiwa kang kasusun saka tingkatan biyasa, tingkat woh-wohan lan makhluk urip ing tingkatan paling dhuwur kang mung bisa dijupuk dening manungsa. Limang tingkatan tema kasebut yaiku :

- a) Tema tingkat fisik, manungsa minangka (sajrone tingkat kajiwan) molekul, *man as molecul*. Tema karya sastra ana ing tingkat iki nduweni gegayutan lan luwih ditujukake saka aktifitas fisik tinimbang kajiwan.
- b) Tema tingkat organik, manungsa minangka (sajrone tingkat kajiwan) protoplasma, *man as protoplasma*. Tema karya sastra ing tingkat iki

nduweni gegayutan lan luwih tumuju prakara seksualias kang bida ditindakake manungsa.

- c) Tema tingkat sosial, manungsa minangka makhluk sosial, *man as socious*. Tema iki nduweni tataran gegayutan klawan panguripan manungsa kang ana sesambungane klawan bebrayan sakupenge.
- d) Tema tingkat egois, manungsa minangka indhividhu, *man as individualism*. Sajrone kalungguhane minangka manungsa sosial lan minangka manungsa indhividhu, manungsa uga nduweni akeh prakara lan konflik. Kayata wujud reaksi manungsa tumrap prakara-prakara sosial kang dilakoni.
- e) Tema tingkat *divine*, manungsa minangka makhluk tingkat dhuwur kang durung mesthi saben manungsa nglakoni utawa bisa nggayuh. Prakara kang paling onjo ana ing tema iki yaiku prakara manungsa kang sesambungan tumrap Gustine, prakara religiusitas pamawase urip visi lan kapitayan.

Tema utama lan tema tambahan

Miturut kautamane tema kaperang dadi loro yaiku tema mayor lan tema minor. Tema utawa makna crita sajrone karya fiksi bisa wae luwih saka siji, babagan kuwi kang ndadekake ora gampang kanggo nemtokake pokok crita utawa tema mayor. Bab kasebut cundhuk klawan apa kang diandharake dening Nurgiantoro (2013:133) yaiku tema mayor mujudake tema pokok crita kang dadi dhasar utawa gagasan dhasar umum sawijine karya. Tema mayor tersirat sajrone crita dudu tema kang ditemokake ana ing bageyan-bageyan tartamtu ing crita bisa diindhentifikasi minangka tema bageyan utawa tema tambahan. Tema-tema tambahan iki kang diarani tema minor. Tema mayor crita asipat ngringkes maneka tema khusus, tema minor asipat nyengkuyung utawa nuduhake tema mayor sakabehe crita.

Paraga lan Pamaragan

Paraga mujudake pawongan kang dicritakake sajrone lumakune crita. Paraga nduweni kalungguhan kang wigati sajrone crita. Nurgiantara (2013:249) ngandharake paraga crita nduweni kalungguhan strategis minangka subyek kang nggawa pesen, amanat, moral utawa sakabehane bab kang sengaja pengin diandharake marang pamaca. Mila paraga sajrone crita wigati banget lan lumrah manawa paraga dadi objek tintingan.

Pamaragan lan karakterisasi asring dipadakake, tegese karakter lan pamaragan nuduhake kalungguhane paraga-paraga tartamtu kanthi pamaragan tartamtu sajrone crita. Cundhuk marang kang diandharake dening Jones (sajrone Nurgiantoro 2013:247) pamaragan yaiku gegambaran kang cetha ngenani manungsa utawa paraga kang disuguhake sajrone crita.

Paraga sajrone karya fiksi bisa diperang adhedhasar sudut pandang kang digunakake. Adhedhasar saka sudut pandang lan tinjauan tartamtu, paraga bisa kalebu ing kategori luwih saka siji. Jinis-jinis paraga kaperang kaya ing ngisor iki:

a) Paraga Utama lan Paraga Tambahan

Paraga utama yaiku paraga kang diutamakake ana ing crita lan paraga kang asring metu ing kedadeyan-kedadeyan sajrone crita. Paraga tambahan yaiku paraga kang ora asring metu sajrone crita, paraga kasebut mung kanggo panyengkuyung paraga utama.

b) Paraga Protagonis lan Paraga Antagonis

Paraga protagonis yaiku paraga kang bisa menehi rasa simpati lan empati, bisa ndadekake rasa emosional tumrap paraga kasebut (Altenbernd & Lewis sajrone Nurgiantoro, 2013:261). Fiksi nduweni konflik, ketegangan mligine konflik lan ketegangan kang dilakoni dening paraga protagonis. Paraga kang ndadekake tuwuhe konflik kasebut yaiku tokoh antagonis. Paraga antagonis yaiku paraga kang nduweni oposisi klawan paraga protagonis, langsung utawa ora langsung, asipat fisik utawa batin.

c) Paraga Prasaja lan Paraga Utuh

Paraga prasaja yaiku paraga kang mung nduweni siji kualitas pribadhi lan siji sipat watak tartamtu. Paraga utuh yaiku paraga kompleks, paraga iki minangka paraga kang nduweni lan nyritakake sisi panguripan, sisi kapribadhen lan jati dhiri.

d) Paraga Statis lan Paraga Ngrembaka

Paraga statis yaiku paraga crita sacara esensial ora nglakoni perbuahan utawa pangrembakan pamaragan minangka wujud saka anane kedadeyan-kedadeyan kang ana. Paraga ngrembaka yaiku paraga kang nglakoni perubahan lan pangrembakan pamaragan kanthi sairingan klawan pangrembakan kedadeyan lan plot kang dicritakake.

e) Paraga Tipikal lan Paraga Netral

Paraga tipikal yaiku araga kang mung digambarake kahanane lan luwih akeh kang onjo ngenani kualitas penggaweyan. Paraga netral yaiku paraga kang eksis kanggo ngonjokake critane dhewe. Paraga kasebut kebak imajinasi kang mung urip lan eksis sajrone karya fiksi.

Konflik Sosial

Konflik mujudake sawijine proses sosial antarane pawongan utawa golongan manungsa, kanggo nyingkrihake liyan kang dianggep mungsuh kanthi ngrusak utawa nglumpuhake liyan (Nurgiantoro, 2013:122). Konflik mujudake samubarang kang sipate dramatik, kang arahe ana ing memungsuhan antarane rong kakuwatan kang

saimbang, nggambarake anane aksi lan aksi walesan (reaksi) (Wellek lan Werren, 2014:285).

Soekanto (2013:339) ngandharake konflik sosial yaiku samubarang kang ora samentene antarane unsur kabudayan lan bebrayan, kang bisa ndadekake bebaya ing uripe kelompok sosial kasebut, saengga bisa ndadekake pecahe taline sosial. Hendropuspita (1989:247) ngandharake yen konflik sosial yaiku sawijine proses antarane wong manungsa utawa kelompok kang ngupaya kanggo ngalahake wong liya kanthi cara nggawe wong liya kuwi ora nduweni daya. Konflik kang kaya mangkono, saben pawongan utawa kelompok ngupaya supaya bisa ngalahake kelompok liya kanggo nggayuh tujuwane.

Staton (sajrone Nurgiyanto 2013:124) konflik kaperang dadi loro yaiku konflik *internal* (batin) lan konflik *eksternal* (fisik). Konflik *internal* yaiku konflik kang tuwuh saka atine paraga sajrone crita utawa dumadi saka jiwane paraga sajrone crita. Konflik iki bisa mujudake pertentangan sajrone jiwa manungsa kayata pertentangan anane rong pepenginan, pilihan kang beda, lan pengarep-arep, lsp. Konflik *eksternal* yaiku konflik kang dumadi antarane paraga marang lingkungan alam utawa paraga marang lingkungan manungsa ing sakiwa tengene. Konflik *eksternal* diperang dadi loro yaiku konflik fisik lan konflik sosial. Konflik fisik yaiku konflik kang kedadeyan antarane paraga marang lingkungan alam, tuladhane kaya konflik antarane manungsa marang bencana alam, banjir, gunung mbledhos, mangsa ketiga, lsp. Konflik sosial yaiku konflik kang tuwuh saka anane kontak sosial utawa prakara-prakara kang tuwuh amarga anane sesambungan antarane manungsa liyane, tuladhane perang, pancareka, panindhesan, lsp.

Landhesane Analisis

Teori kang trep lan gathuk kanggo panliten iki yaiku :

- 1) Tintingan strukturalisme Lucien Goldman (sajrone Faruk, 2012:156) ngandharake minangka produk saka bab sosial sing bisa owah, karya sastra minangka asil saka kesatuan dinamis sing nduweni makna utawa teges. Minangka perwujudan nilai-nilai lan kedadeyan penting ing jamane.
- 2) Tintingan sosiologi sastra Wellek lan Werren (sajrone Damono, 1978:3) ngandharake sosiologi sastra merkarakake karya sastra iku dhewe, kang dadi punjere yaiku apa kang sinurat sajrone karya sastra.
- 3) Konflik ing novel *Juminem Dodolan Tempe* bakal didhudhah nggunakake analisis sosiologi sastra. Cundhuk karo kang diandharake Teeuw (2013:131) sajrone karya sastramesthi nduweni unsur kang dominan, mila unsur kang dominan kudu ditengenake. Unsur kang dominan sajrone novel *Juminem*

Dodolan Tempe yaiku konflik kang nuwuhake prakara-prakara sajrone mangun bale wisma.

Sajrone andharan metodhe panliten bakal dijlentrehake tata cara panliten kang kaperang dadi enem yaiku a) ancangan panliten, b) sumber dhata lan dhata panliten, c) instrumen panliten, d) tata cara ngumpulake dhata, e) teknik nganalisis dhata, lan f) tata cara nyuguhake asile panliten. Andharan saka perangan-perangan kasbeut bakal diandharake ing ngisor iki :

METODHE PANLITEN

Ancangan Panliten

Subjek panliten iki yaiku ngenani *Prakara ing Bale Wisma sajrone Novel Juminem Dodolan Tempe?* anggitane Tulus S. Panliten iki nggunakake metodhe panliten deskriptif kualitatif. Aminuddin (2010:15) metodhe deskriptif kualitatif yaiku dhata kang ditingtingi lan asil tintingane awujud fenomena, ora awujud angka-angka utawa koefisien kang ana gegayutane karo variable. Panliten iki luwih manfaatake cara-cara *penafsiran* kanthi nengenake sajrone wujud deskripsi. Dhata kang digunakake dudu arupa angka-angka, nanging awujud deskripsi kanthi ngutamakake proses penafsiran panliten marang dhata kang ana (Ratna, 2013:64).

Miturut Endraswara (2013:18) panliten kualitatif yaiku panliten kang ora ngutamakake angka nanging luwih nengenake marang intrinsik klawan konsep kang dikaji kanthi empiris.. Panliten deskriptif ora nduweni tujuwan kanggo ngisi hipotesis tartamtu, nanging mung nggambarake anane fenomena utawa kedadeyan. Sabanjure dhata-dhata mau bakal digambarake nganggo tembung-tembung utawa ukara kang kaperang miturut jinis tartamtu kanggo ngasilake dudutan (Arikunto, 2006:243). Selaras karo pamawase Endraswara lan Arikunto, panliten iki kalebu jinis panliten deskriptif kualitatif amarga panliten iki nintingi sawijine kedadeyan utawa lakon sajrone karya sastra banjur dhata saka kedadeyan sajrone lakon kuwi digambarake nganggo tembung-tembung utawa ukara.

Novel *Juminem Dodolan Tempe?* anggitane Tulus S bakal ditintingi mawa tintingan sosiologi sastra. Metodhe panliten deskriptif kualitatif bakal digunakake kanggo nintingi novel kasebut. Panliten deskriptif kualitatif digunakake amrih bisa meneh gegambaran kang gamblang lan objektif ngenani prakara-prakara ing bale wisma sajrone novel kasebut.

Sumber Dhata lan Dhata

Sumber dhata sajrone panliten kualitatif umume awujud tembung-tembung lan tumindak, dene liyane minangka dhata penjangkep kayata

artikel lsp. Sumber dhata lan dhata bakal dijlentrehake ing ngisor iki :

Sumber Dhata

Sumber dhata sajrone panliten iki yaiku novel *Juminem Dodolan Tempe?* anggitane Tulus S kanthi kandhele novel 164 kaca. Novel iki ditukis kanthi nggunakake basa Jawa modern lan kacithak ing taun 2016. Kacithak dening PT Mitra Kreatif. Diterbitake dening CV.Pustaka Ilalang Group, Jln Airlangga No.3 Sukodadi-Lamongan, Jln Raya Lamongan-Mantup 16 km Kedungsari Kembangbahu-Lamongan-Jawa Timur. Novel kasebut nduweni crita kang akeh ngadhut prakara-prakara sosial ing bale wisma. Sakliyané sumber dhata saka novel *Juminem Dodolan Tempe* ana sumber dhata liyane kang melu nyengkuyung yaiku arupa buku literatur lan artikel-artikel saka internet.

Dhata Panliten

Dhata panliten iki yaiku awujud gegambaran konflik sosial ing bale wisma sajrone novel *Juminem Dodolan Tempe* anggitane Tulus S. Gegambaran konflik sosial ing bale wisma sajrone novel kasebut awujud ukara utawa paragraf kang relevan karo undherane panliten. Dhata kasebut nduweni paedah kanggo luwih *mempertajam* analisis ngenani prakara ing bale wisma sajrone novel.

Tata Cara Ngumpulake Dhata

Pangumpulan dhata minangka perangan kang wigati sajrone panliten. Asile lan dudutan saka sawijining panliten gumantung marang asil pangumpulan dhata. Tata cara nglumpukake dhata dhasare yaiku ngumpulake fakta-fakta empirik kang gegayutan karo prakara-prakara sajrone panliten. Faruk (2014:25), ngandharake yen adhedhasar sumber dhata panliten kang awujud teks yaiku novel *Juminem Dodolan Tempe* anggitane Tulus S, kamangka pangumpulan dhata sajrone panliten iki nggunakake studi kapustakan utawa dokumen.

Miturut Faruk (2014:56-57), teknik studi kapustakan digunakake kanggo nemokake maneka sumber kang gegayutan karo dhata panliten. Kamangka, teknik studi kapustakan sajrone panliten iki yaiku ngumpulake sakabehe dokumen utawa dhata arupa pethikan paragraf kang nuduhake gegambaran prakara ing bale wisma.

Tata cara kang digunakake kanggo nglumpukake dhata dening Endraswara (2013:162-163) ing panliten diperang dadi telung perangan yaiku :

a. Nemtokake Unit Analisis

Sadurunge ngonceki isi crita sajrone novel *Juminem Dodolan Tempe*, kawiwitan kudu nemtokake bab kang onjo sajrone novel kang arep dianalisis ing panliten iki. Bab kang paling onjo kasebut yaiku babagan prakara ing bale

wisma. Panliten iki nemtokake telung prakara kang paling wigati, kapisan wujud prakara ing bale wisma, banjur kang njalari tuwuhe prakara ing bale wisma lan cara mungkasi prakara ing bale wisma kasebut.

b. Nemtokake Dhata

Sawise nemtokake unit analisis, banjur maca novel kasebut. Banjur ngonceki novel kanthi watesan prakara-prakara kang wis ditemtokake sadurunge.

c. Nyathet Dhata

Panliten sastra mligine sastra tulis, dhata-dhata kang arep diteliti kasebut perlu nduweni cathetan-cathetan. Sajrone nyathet dhata, ana saperangan pituduh kang kudu digatekake yaiku: (a) latihan lan persiapan kang bener saengga bisa nyathet kanthi bener, (b) nyathet bab-bab kang nuduhake pesen lan makna simbolik, (c) nyathet tetembungan kang ora dimangerteni. Sajrone nyathet dhata iki uga dibutuhake teknik kartu dhata. Teknik kuwi digunakake kanggo milah lan milih dhata kang trep karo undherane panliten kang wis ditemtokake sadurunge.

Teknik Nganalisis Dhata

Tata cara nganalisis dhata yaiku kagiyatan kang ditindakake sawise panliti nyeleksi data kang selaras karo kriteria kang arep diteliti (Siswantoro, 2010:48). Sajrone panliten iki digunakake metode deskriptif analisis. Metode deskriptif analisis mujudake metodhe gabungan yaiku metodhe deskriptif lan metodhe analisis. Metodhe iki digunakake kanggo njlentrehake data banjur nganalisis data sing ana. Cara kerjane yaiku njlentrehake kanyatan-kanyatan utawa dhata sing digunakake banjur dijlentrehake luwih rowa, menèhi gambaran saka data sing wis dijlentrehake.

Miturut Ratna (2013:53), analisis deskriptif yaiku analisis kang ditindakake kanthi cara ngandharake *fakta-fakta* kang kasil ditemokake, banjur diterusake kanthi nindakake tahap analisis. Kanthi nggunakake analisis deskriptif iki, panliti dirasa bisa njlentrehake kanthi cetha dhata-dhata kang ana gegayutane karo objek panliten kanthi *faktual* lan *akurat* uga sarta kanthi pemahaman kang cukup.

Teknik analisis dhata sing digunakake ing kene yaiku tintingan sosiologi sastra. Tintingan sosiologi sastra digunakake minangka lelandhesan nindakake analisis dhata sajrone panliten. Tata cara analisis dhata sing ditindakake sajrone panliten iki, kaya ing ngisor iki:

- 1) Maca dhata sing awujud novel, bisa ditindakake kanthi maca dhata mau bola-bali.
- 2) Nyathet prekara-prekara sosial sajrone sumber dhata sing bakal digunakake ing panliten.
- 3) Ngandharake dhata gegayutan karo undere panliten, yaiku underane utawa crita ngenani

prakara ing bale wisma sajrone novel *Juminem Dodolan Tempe*.

- 4) Njlentrehake wujud prakara ing bale wisma sajrone novel *Juminem Dodolan Tempe*.
- 5) Ngandharake bab kang njalari tuwuhe prakara ing bale wisma sajrone novel *Juminem Dodolan Tempe*.
- 6) Ngandharake cara mungkasi prakara ing bale wisma sajrone novel *Juminem Dodolan Tempe*.
- 7) Ngandharake asile panliten kanthi luwih cetha adhedhasar underane panliten lan ancasa panliten.

Tata Cara Panyuguhe Asile Panliten

Tata cara nyuguhake asile panliten ditindakake sawise njlentrehake dhata tumrap novel *Juminem Dodolan Tempe*. Bab iki ditindakake supaya asiling panliten katulis kanthi runtut lan ngasilake panliten kang bisa ditanggjawabke. Tata cara panyuguhe asile panliten sajrone panliten iki yaiku analisis informal, yaiku analisis dhata kang nggunakake tembung-tembung salumrahe. Andharan mau awujud deskripsi ngenani undherane panliten. Asil analisis dhata iki disuguhake kanthi klasifikasi lan menèhi tetenger tumrap dhata kang nggunakake tembung-tembung kang gumathok karo jinis prakara sajrone panliten. Panliten iki kanthi sistematika kasusun saka limang bab yaiku 1) purwaka; 2) tintingan kapustakan; 3) andharan; 4) prathelan asile panliten lan 5) panutup sing isine dudutan lan pamrayoga.

ANDHARAN ASILING PANLITEN

Struktur Cerita

Unsur struktural sejatine ana akeh kaya alur, paraga lan pamaragan, tema, setting lan sudut pandang. Panliten iki bakal nлити ngenani unsur tema sarta paraga lan pamaragan. Amarga saklorone minangka unsur kang paling onjo lan nduweni kalungguhan luwih akeh tinimbang unsur liyane.

Tema

Tema yaiku babagan kang wigati sajrone karya sastra. Kanggo nggambarake wujud novel JDT digunakake tintingan struktur naratif, nanging kanggo nggambarake wujud novel JDT dipunjerake marang tema, fakta sosial lan konflik sosial. Tema utama kang ana sajrone novel JDT yaiku ngenani kahanan ekonomi utamane bab kecingkrangan.

Tema Mayor

Tema mayor yaiku tema pokok sing dadi punjering gagasan umum karya sastra. Tema kasebut ora manggon ing bageyan-bageyan tartamtu nanging ana ing sakabehane bageyan sajrone crita. Tema mayor minangka tema pokok sajrone crita uga ana ing novel JDT yaiku ngenani kacingkrangan. Bab kasebut bakal kaandharake ing ngisor iki :

Kecingkrangan

Tema mayor saka novel JDT yaiku bab ekonomi, mligine ngenani kecingkrangan. Kecingkrangan ana ing sakabehe cerita sajrone novel. Nanging pangripta nggunakake maneka werna cara kang beda saben ngudhar bab kecingkrangan. Kecingkrangan sajrone novel ndadekake tuwuhe konflik-konflik ing bale wisma paraga. Mligine nalika Mariyanto ora nyambut gawe amarga di *phk* pabrik sepatu, dheweke kaya wong edan lan gampang nesuan. Penggaweyane mung dolan ora ana jlunrunge, omben lan dolanan dhadhu othok.

Wanita ing jaman emansipasi iki diwenehi keluwesan milih apa kang dikarepake. Ngelakoni apa wae tanpa mikir nyalahi adat. Kayata nyambut gawe, sakabehe penggaweyan bisa dilakoni wanita yen awake mampu. Nanging uga nduweni watesan, watesan kuwi yaiku megawe mung kanggo awèh pambiyantu sajrone kaluwargane ateges wanita kuwi nyambut gawe ora merga lan ora kudu dadi tulang punggung kulawargane. Kang nduweni kewajiban dadi tulang punggung lan ngopeni kulawargane yaiku wong lanang minangka bojo lan bapak ing kulawargane. Kewajiban kang ora bisa diselaki kudu dilakoni dening wong lanang sajrone kulawarga. Babagan kaya mangkono kuwi kang ndadekake Juminem ngobahke awak kanthi dodolan tempe ing pasar. Senadyan penggaweyane ora bisa awèh pambiyantu akeh kanggo bale wismane, saorane bisa ndadekake Juminem sakulawarga ora keluwen amarga kecingkrangan sing dilakoni. Mariyanto ora nyambut gawe, saben dina mung dolanan dhadhu otok lan omben bareng kanca-kancane. Nyambut gawene uga serabutan, bubar nyambut gawe dhuwite dientekne bareng kanca-kancane tanpa nduweni pikiran kanggo kulawargane. Pethikan ing ngisor iki nuduhake salah sawijining wujud kecingkrangan sajrone novel.

Wis seminggu iki dheweke dipeseni tempe karo bakul blanja ideran. Kepara ana tangga-tangga kang nempil. Bathine pancen sithik, nanging kena kanggo nyambung uripe. Awan bengi Juminem ora lerenanggone nandangi gawe tempe. Nadyan rasane abot nanging piye maneh, dheweke ngrumangsani urip iku butuh mangan. Wiwit Mariyanto ora kerja, dheweke arang banget diwenehi jatah blanja. Mula gelem ora gelem kudu cancut taliwanda. (JDT, 2016:2)

Pethikan ing ndhuwur nggambarake kahanan kulawargane Juminem kang kecingkrangan jalaran Mariyanto ora nyambut gawe lan mung ngadelake bathine Juminem saka dodolan tempe kang ora sepira akehe. Kecingkrangan kuwi gelem ora gelem ndadekake Juminem nyambut gawe dodolan tempe

neng pasar. Mariyanto arang menehi jatah, kamangka saben dina wetenge Mariyanto lan kulawargane kudu diisi sega lan kudu nyukupi kebutuhan liyane. Mligine Merry, saben dina kudu diwenehi susu supaya bisa nyengkuyung mangsa pertumbuhane. Sanajan bathi saka dodolan tempe ora sepira nanging isih kena sithik mbaka sithik kanggo nyambung urip kulawargane Juminem. Sejatine babagan ekonomi minangka tanggung jawab saka kepala kulawarga yaiku Mariyanto, nanging ing kene Mariyanto digambarke dadi kepala kulawarga kang ora bisa ngayomi kulawargane. Mariyanto wong lanang kang nduweni gengsi gedhe, ora gelem megawe neng sawah utawa megawe sing bisa mudhunke awake neng ngarepe wong liya. Watak gengsine Mariyanto kuwi saya ndadekake uripe kaluwargane kecingkrangan. Mula saben dina Juminem kudu gelem ngobahne awake. Sithik mbaka sithik asil saka dodolan tempe senajan isih kurang nanging isih bisa awèh pambiyantu kaluwargane supaya bisa mangan saben dina. Yen mung njagake Mariyanto bisa-bisa Juminem lan Merry ora bisa urip.

Tema Minor

Tema minor yaiku tema tambahan sing ana sajrone crita ing bageyan tartamtu. Tema minor sajrone crita bisa luwih saka siji jinise. Tema minor sinebut uga tema panyengkuyung tema utama utawa tema mayor. Sajrone crita *JDT* tema minor kaperang dadi loro, yaiku pangupajiwa lan katresnan. Bab kasebut bakal kaandharake ing ngisor iki :

Pangupajiwa

Manungsa urip ing ndonya mbutuhake penggaweyan supaya bisa nyukupi butuhe, kayata sandhang pangan lan papan. Penggaweyan utawa pangupajiwa ana kanthi upaya saka manungsa kasebut. Asil saka upaya kasebut yaiku bisa dicukupine butuhe manungsa urip ing ndonya. Pangupajiwa wujud maneka werna, ora ana watesane. Manungsa bisa milih apa sing bisa dadi pangupajiwane, gathuk marang apa sing dibisani. Saben manungsa nduweni kabisan dhewe-dhewe, yen kabisan kuwi bisa dilakokake kanthi becik bakal ngasilake asil sing ora nguciwani.

Sajrone novel JDT digambarake pangupajiwa sing digunakake dening paraga supaya bisa nyambung uripe ing ndonya. Pangupajiwa sing dilakoni dening Juminem yaiku dodolan tempe. Juminem kalebu wong wadon sing sregep nyambut gawe, senajan dudu kewajibane nanggung butuhe kulawargane. Juminem kepeksa dodolan tempe ing pasar amarga Mariyanto ora nyambut gawe lan butuhe saben dina saya akeh. Kepeksa dheweke ngobahke awake nyambut gawe saisanane. Kahanan kaya mangkono kagambarake ing pethikan ngisor iki :

Juminem unjal ambegan karo mbunteli tempe. Pikirane nrawang nalika mbiyen, anggone isih urip karo wong tuwane. Sangsaya wengi hawane tambah atis, dhelene durung rampung dibunteli. Mangka sesuk esuk kudu dijupuk bakul. Age-age anggone ngrampungake penggaweyane, karo angen-angen dhuwit saka bathine bakal arep dienggo nukokne susu anake. Merry anake sing isih umur setaun kuwi kang bisa gawe semangate urip. Wekasane anggone urip tetep dilakoni, pandongane anake mbesok aja nemoni lelakon kaya dheweke. (JDT,2013:3)

Pethikan ing ndhuwur nggambarake wujud pangupajiwane Juminem yaiku kanthi dodolan tempe ing pasar. Juminem kepeksa dodolan tempe amarga Mariyanto ora nyambut gawe, sakliyan kuwi uga supaya bisa nyukupi butuhe saben dina. Saben wengi Juminem mbunteli tempe banjur esuke didol ana ing pasar. Wengi kuwi kaya ing padatan Juminem mbunteli tempe ing omahe tanpa anane bantuan saka Mariyanto. Juminem mbunteli tempe karo ngangen-angen dhuwit saka bathine bakal dienggo nukokake susu anake, Merry. Pikirane Juminem nrawang nalika mbiyen anggone isih urip karo wong tuwane. Urip ora nate kurang, sakabehane wis dicukupi dening simboke.

Katresnan

Katresnan saka tembung tresna nduweni teges yaiku rasa seneng utawa rasa seneng sing diduweni manungsa. Tresna uga bisa ditegesi minangka rasa seneng utawa sayang marang wong liya sing dibarengi rasa welas asih. Katresnan wis lumrah dilakoni dening manungsa wiwit jaman biyen. Wujud saka katresnan kuwi yaiku manungsa bisa mbangun balewisma. Balewisma kudu dibangun adhedhasar saka katresnane wong loro. Pondhasi saka balewisma sing kuat yaiku katresnan sing tulus lan suci.

Rasa tresna ana ing saben atine manungsa. Rasa tresna kuwi bisa ditujokake kanggo sapa wae. Tresna klawan Gusti, tresna klawan wong tuwa, tresna klawan sisihan lan tresna klawan liya-liyane. Manungsa diciptakake dening Gusti Pangeran minangka makhluk sosial nduweni rasa tresna sing bisa digunakake kanggo sesambungan karo liyane. Manungsa tanpa anane rasa tresna bisa dadi manungsa sing ora nduweni aturan, ora bisa mikir apike kanggo liyan

“Ngomong apa ta Nah! Ngerti ora lakon Ramayana. Kaya ngapa mulya uripe Shinta lan Rama, nanging padha gelem urip ning njero alas bebarengan. Kabeh dilandhesi rasa tresna. Menawa gelem padha sabar dakkira kabeh

lumaku kanthi kepenak.” (JDT, 2013:8)

Pethikan ing ndhuwur nggambarake kahanan nalika Minah mara menyang omahe Juminem. Minah lan Lik Gimin sing lagi wae weruh kahanane Juminem semu kaget nalika nyawang omahe Juminem. Omahe pating probol, ora pantes dipanggoni. Minah meksa Juminem supaya gelem pindah saka kno banjur nggolek kontrakan sing luwih apik saka kuwi, Minah uga sing bakal mbayari kontrakane. Nanging Juminem ora gelem, dheweke ora kepengin ngrepotake Minah lan uga Juminem nampa kaya kepriye wae kahanane sing penting dheweke bisa kumpul bareng kulawargane.

Paraga

Paraga sajrone novel JDT akeh banget cacahé. Paraga adhedhasar saka peran lan wigatine sajrone crita kaperang dadi loro, yaiku paraga utama lan paraga tambahan. Paraga utama sajrone novel JDT yaiku Juminem lan Mariyanto. Dene paraga tambahan yaiku Minah, Lik Gimin, Mbok Joyo Pangat lan isih ana liyane.

Juminem

Paraga Juminem kalebu paraga utama protagonis sajrone novel JDT. Juminem minangka paraga utama mujudake wanita kang kuat, setya marang bojone. Kanggo nyambung uripe supaya bisa mangan saben dina, Juminem dodolan tempe ana ing pasar. Senadyan kulawargane urip sarwa cukup, nanging Juminem luwih milih urip karo bojone.

Juminem mbrebes mili, kelingan lelakon sing disandhang. Kebangeten urip pisan wae cobane kok akeh. Dheweke sadhar kabeh ora kena ngersula, mbokmenawa pancen nasibe kudu ngono. Luwih becik ngobahke awak kanggo megawe tinimbang ngalamun tanpa ana enteke. Juminem age-age nyedhaki tampah isi dhewe bakal kanggo tempe. Tangane uwet ae awit cekatan anggone mbunteli karo godhong. (JDT, 2013:2)

Pethikan ing ndhuwur nggambarake rasa pangrasane Juminem. Ing batine Juminem rumangsa kelara-lara nalika ngelingi lakone jaman semana, nanging dheweke uga sadar lan mangerteni tinimbang dheweke mung ngersula luwih becik dheweke ngobahke awak kanggo megawe. Dodolan tempe ing pasar saben dina sithik akeh bisa aweh pambiyantu marang kulawargane Juminem, sanadyan isih sarwa kurang. Juminem kalebu wanita mandhiri kang kuwat, kuwat ing babagan lair lan batin, jiwa lan raga. Batine kang keranta-ranta nglakoni urip kang sarwa kurang nanging isih bisa ngupaya supaya ora saya ndadekake dheweke lara.

Awake kang uga ngupaya supaya bisa terus dadi sumber uripe kulawargane.

Mariyanto

Mariyanto uga kalebu paraga utama, ananging ing kene Mariyanto bisa dadi paraga antagonis lan protagonis. Mariyanto kang wis ora nyambut gawe saiki bisane mung omben lan dolanan dhadhu othok. Kapitut marang kanca-kancane sing ora nggenah. Sabubare metu nyambut gawe saka perusahaan sepatu kelakuwane kaya wong stres lan gampang nesuan. Sakliyanen demen dolanan dhadhu othok, Mariyanto uga kalebu wong kang nduweni gengsi gedhe.

“Wis cetha sabendina direwangi mepe awak ning panasan, adus lendhut nganti awake gosong kabeh, apa ajining para tani? Gaji ora ana, durung panen diterak ama.. haha.. medeni.” (JDT, 2013:16)

Pethikan ing ndhuwur nggambarake rasa gengsi kang diduweni Mariyanto. Dheweke kalebu manungsa kang ora gelem nduweni penggaweyan kang ndadekake dheweke ora nduwe aji ing ngarepe wong liya. Mariyanto ora mikir senadyan mung dadi tani saorane kuwi bisa mbantu bojone supaya bisa nyukupi kabutuhane lan susune anake. Mariyanto luwih nggedheke gengsine tinimbang kabutuhane lan kulawargane. Mariyanto kang awit cilik lair lan di dhidhik ing kulawarga kang nduweni pendhidhikan dhuwur ndadekake dheweke rumangsa ora pantes yen kudu nyambut gawe dadi petani lan sapanunggalane.

MINAH

Minah minangka adhine Juminem kerep aweh pambiyantu marang Juminem, amarga dheweke ngerti kepiye uripe mbakyune sawise mangun bale wisma klawan Mariyanto. Lan sawise Juminem ditundhung minggat marang Mbok Joyo Pangat amarga ora sarujuk yen Juminem rabi klawan Mariyanto. Minah ora tega nyawang kahanan uripe Juminem kang manggone kontrakan ora patut dienggoni. Minah kerep nukokake sembako kanggo uripe Juminem kang sarwa kecingkrangan.

“Nanging aku mesakne kowe Yu! Ning omah kowe tura-turu isih bisa mangan enak, nyandhang apik. Bareng ngerti uripmu ana kene aku ora mentala. Kowe pindhah omah wae, mengko dakbayarane.” Panjaluke Minah awit rumangsa ora tega nyawang panguripane Juminem. (JDT, 2013:9)

Pethikan ing ndhuwur nggambarake rasa ora mentalane Minah nyawang kahanane mbakyune kang sarwa kecingkrangan. Yen dibandingake klawan uripe Juminem biyen ana ing omah isa tura-turu lan mangan enak, uripe Juminem saiki

ndadekake Minah ora mentala banjur nduweni kekarepan kanggo nggolekake omah lan dibayari Minah. Nanging Juminem ora nampa kekarepane Minah kuwi. Rasa tega lan ora mentala dibarengi klawan rasa tresna marang mbakyune ndadekake Minah gelem aweh pambiyantu. Minah kang isih melu simboke e kabutuhane sarwa cukup lan Minah uga kalebu bocah kang gemi, nduweni usaha dhewe yaiku dodolan pulsa.

Mbok Joyo Pangat

Mbok Joyo Pangat minangka wong tuwa saka Juminem. Mbok Joyo Pangat ora aweh restu marang Juminem lan Mariyanto amarga Mariyanto biyen kalebu wong kan ora pener. Kulawargane Mariyanto nate kewirangan nalika nglamar Juminem. Anggone nampa Mbok Joyo Pangat ora katon semanak nanging malah nyalahke Pak Parto anggone ora bisa nggulawentah Mariyanto. Mbok Joyo Pangat wewatekane keras, sregep nyambut gawe, pinter golek dhuwit.

Ing desane sapa sing ora ngerti wewatekane Mbok Joyo Pangat, ya simboke Juminem. Wonge wewatekane keras, sregep nyambut gawe, pinter golek dhuwit. Katitik sawah, kebon lan rajakayane akeh. Pancen ora digarap dhewe nanging kabeh diparokake. Jenenge wis tuwa mesthi ora kuwat yen tandhang dhewe. Dene ning omah ngingu sapi siji karo wedhus telu, sawah sakothak kanggo ngobahke awak ben ora lara kabeh. Tinimbang mung thethenguk lan ngalamun gawe pikrane tambah mumet, iki mungguh pikirane Mbok Joyo Pangat. (JDT, 2013:39)

Pethikan ing ndhuwur nggambarake kepriye sipat saka Mbok Joyo Pangat, simboke Juminem. Nduweni watek keras, sregep nyambut gawe lan pinter nggolek dhuwit ndadekake Mbok Joyo Pangat kalebu wong kang kebak kamulyan lan dikormati ing desane. Sugihe kaya-kaya ora bakal bisa entek nganti pitung turunane. Sawah, kebon lan rajayane akeh, amarga wis tuwa banjur kuwi kabeh diparokake marang liyan. Ing omah Mbok Joyo Pangat mung ngingu sapi siji karo wedhus telu, sawah sakothak. Kuwi kabeh supaya Mbok Joyo Pangat isih bisa ngobahke awak ben ora lara kabeh. Gegambaran saka urip sing kebak kamulyan Mbok Joyo Pangat kaya-kaya ora bakal bisa entek. Sakabehe kuwi asil saka olehe ulet nyambut gawe, sreget lan pinter anggone nggolek dhuwit. Uga saka wateke sing keras. Saka wateke sing keras kuwi ndadekake semangat sajrone Mbok Joyo Pangat, kuwi kabeh dilakokake supaya uripe lan kulawargane ora kurang. Watek keras kuwi uga digunakake Mbok Joyo Pangat kanggo nggulawentah anak-anake.

Gegambaran Konflik Sosial sajrone Novel JDT

Staton (sajrone Nurgiyanto 2013:124) konflik kaperang dadi loro yaiku konflik *internal* (batin) lan konflik *eksternal* (fisik). Konflik *internal* yaiku konflik kang tuwuh saka atine paraga sajrone crita utawa dumadi saka jiwane paraga sajrone crita. Konflik iki bisa mujudake pertentangan sajrone jiwa manungsa kayata pertentangan anane rong pepenginan, pilihan kang beda, lan pengarep-arep, lsp. Konflik *eksternal* yaiku konflik kang dumadi antarane paraga marang lingkungan alam utawa paraga marang lingkungan manungsa ing sakiwa tengene.

Konflik *eksternal* diperang dadi loro yaiku konflik fisik lan konflik sosial. Konflik fisik yaiku konflik kang kedadeyan antarane paraga marang lingkungan alam, tuladhane kaya konflik antarane manungsa marang bencana alam, banjir, gunung mbledhos, mangsa ketiga, lsp. Konflik sosial yaiku konflik kang tuwuh saka anane kontak sosial utawa prakara-prakara kang tuwuh amarga anane sesambungan antarane manungsa liyane, tuladhane perang, pancareka, panindhesan, lsp. Saka perangan konflik sosial kasebut diperang dadi loro yaiku konflik kulawarga lan konflik masyarakat.

Konflik Kulawarga

Konflik sajrone kulawarga lumrah ana saben manungsa mangun balewisma. Konflik ing kulawarga tuwuh amarga ana unsur-unsur kang nyengkuyung konflik kasebut. Unsur kang paling wigati dadi panyengkuyung anane konflik yaiku ekonomi. Ekonomi wigati banget sajrone kulawarga amarga minangka punjer sajrone kulawarga. Punjer ing kene ateges ekonomi nduweni sesambungan klawan babagan uripe kulawarga. Unsur panyengkuyung liyane yaiku restu wong tuwa. Restu saka wong tuwa kanggo mangun balewisma uga kalebu unsur kang wigati. Restu saka wong tuwa dibutuhake supaya sajrone kulawarga tansah ayem tentrem. Nalika wong tuwa ora aweh restu marang anake, bakal nuwuhake konflik-konflik liyane. Kayata kawin lari. Novel JDT uga ngandhut unsur-unsur kasebut, ananging ora anane restu wong tuwa ora ndadekake Juminem nglakoni kawin lari. Mung dheweke luwih milih urip bareng bojone tinimbang bareng simboke. Konflik-konflik kulawarga sajrone novel bakal kagambarake ing pethikan-pethikan ing ngisor iki :

Atine keranta-ranta kelingan marang kandhane simboke nalika semono; “Apa sing kok boti saka Mariyanto, bocah lumuh isine mung kluyuran wae. Wis urakan ora gablek pisan. Banjur kowe arep mangan apa. Titenana omonganku iki!” (JDT, 2013:3)

Pethikan ing ndhuwur nggambarake bab kang ndadekake Mbok Joyo Pangat ora demen lan ora

sarujuk marang pilihane Juminem yaiku Mariyanto. Mariyanto ing jaman biyen kalebu bocah lumuh isine mung kluyuran bareng kanca-kanca kang ora jelas lan urakan. Wong lanang kang ora jelas jluntrunge banjur kepengin ngrabi anake Mbok Joyo Pangat kang kalebu wong kang dihormati ing desane bakal ndadekake ala jenenge Mbok Joyo Pangat. Kandhane Mbok Joyo Pangat marang Juminem yen dikongkon niteni omongane banjur dadi nyata saiki. Uripe sarwa kurang lan bojone ora nyambut gawe. Pancen bener, apa kang dadi pangucapane wong tuwa wedok kuwi bisa dadi kasunyatan ing dina tembe. Tuladhane saka omongane Mbok Joyo Pangat iki.

Konflik Masyarakat

Konflik masyarakat sajrone novel JDT digambarake lumantar interaksi antara paraga. Mariyanto lan kancane, semana uga Juminem lan kancane. Konflik ing kene isih ana sesambungane klawan konflik sajrone kulawargane paraga utama lan uga isih selaras klawan tema sajrone novel yaiku kecingkrangan. Upaya kang dilakoni Mariyanto lan Juminem supaya bisa mentas saka kahanan kang kaya mangkono isi durung bisa nuwuhke kasil. Golek penggaweyan ora penak kaya sing dipikirne. Diapusi karo kanca dhewe kang njajakake penggaweyan uga wis ditampa Mariyanto. Konflik-konflik ing masyarakat bakal kagambarake ing pethikan-pethikan ing ngisor iki :

Penggaweyan sing nate ditawakake Agus nganti saiki ora ana kabare. Saya suwe Mariyanto saya bingung, mangka sabendina kudu mangan. Kelingan anake isih butuh susu, mangka bojone mung dodolan tempe sing bathine ora sepira.

(JDT, 2013:19)

Pethikan ing ndhuwur nggambarake konflik sosial ing masyarakat antarane Mariyanto lan kancane kang nate nawakake penggaweyan marang Mariyanto, nanging nganti saiki ora ana kabare. Penggaweyan saka Agus dijagakake banget Mariyanto amarga bisa mbiyantu nyukupi kebutuhane saben dina. Kahanan iki ndadekake Mariyanto bingung mangka sabendina kudu mangan. Kelingan anake isih butuh susu, mangka bojone mung dodolan tempe kang bathine ora sepira. Rasa getun lan kuciwa marang kancane wis mesthi dirasakake Mariyanto, ora ngira jebul kancane tega-tegame ngapusi dheweke kanthi janjeni penggaweyan.

Gegambaran konflik antarane Mariyanto lan Agus, kancane Mariyanto. Bisa kedadeyan amarga Agus minangka kancane Mariyanto wiwit ora bisa percaya karo Mariyanto. Mariyanto sing demen dolanan dhadhu lan seneng ngombe dadi penyebab saka ora percayane Agus menehi penggaweyan marang Mariyanto. Agus bisa dadi wedi yen

Mariyanto ora bisa tanggung jawab marang penggaweyan sing uwis digoleke. Mariyanto ora bisa mawas dhiri saka kedadeyan iki, pangirane Mariyanto kanca-kancane tega ngapusi dheweke. Jebul sakabehane iki uga kawiwitan saka tumindhake Mariyanto dhewe.

Cara Mungkasi Konflik Sosial sajrone Novel JDT

Konflik sajrone reriptan sastra fiksi diperang dadi rong perangan, yaiku konflik eksternal lan konflik internal. Konflik eksternal diperang maneh dadi loro yaiku konflik fisik lan konflik sosial. Konflik fisik yaiku konflik kang disebabake amarga prakara antarane paraga karo lingkungan dene konflik sosial yaiku konflik kang disebabake amarga gegayutan antarane manungsa. Konflik internal yaiku konflik kang dumadi ana ing batine paraga, saengga konflik internal bisa diarani minangka sawijining konflik kang dumadi antara paraga lan batin paraga dhewe (Jones sajrone Nurgiyantoro, 2013:124)

Cundhuk karo andharan ing ndhuwur konflik eksternal lan konflik internal ana ing sajrone crita ing novel JDT. Konflik eksternal mligine konflik sosial kagambarake sajrone novel lumantar prakara antara Mariyanto, Juminem lan kanca-kancane. Konflik internal kagambarake lumantar konflik batine Juminem lan Mbok Joyo Pangat. Saka pamerangan jinis konflik kasebut uga mangribawani cara mungkasi konflik sajrone novel kasebut. Cara mungkasi konflik ing kene bisa lumantar Dhiri Pribadi lan lumantar wong liya. Andharan luwih jangkep ana ing ngisor iki :

Lumantar Dhiri Pribadi

Mariyanto sing sasuwene iki penggaweyane mung kluyuran ora karuan lan omben-omben karo kancane lagi wae ngrasakake kepriye repote dadi ibu rumah tangga. Nalika esuk Juminem ora ana ing omah lan lunga ora pamit karo Mariyanto. Mariyanto kepeksa ngrumat lan nglakoni apa sing biyasae dilakoni karo Juminem. Wiwit nggawekne susu Merry, ngadusi Merry, resesik lan masak. Kahanan kaya mangkono kagambar ing pethikan ing ngisor iki :

Gelem ora gelem Mariyanto kudu nggawekna susune Merry. Jebul kaya ngene kerepotane dadi ibu, Mariyanto lagi nyumurupi. Ndilalah Merry bocahe ora gampang rewel, banjur didhokok bandulan. Sawise nggawe susune anake, isah-isah piring lan gelas regedan mau bengi. Banjur nggoreng tempe nggo sarapan. Mariyanto cetha kerepotan. Durung rampung nggoreng tempe Merry nangis, awis susune durung diombekna. Patuta esuk kuwi jibek ngurusi omah. Nganti ora ngerti yen tempene gosong. Kedadeyan kuwi

sing bisa mbukak atine Mariyanto marang kerepotane Juminem wanci esuk. Niyate arep ngedusi Merry, nanging bingung yen ana apa-apa, awit ora nate blas selawase iki. Nanging yen diumbar, mesakke anake mambu ompol kabeh. Njaluk tulung tanggane ora kepenak, kepeksa kudu ditandhang dhewe. Banjur Mariyanto nggodhok banyu sing arep kanggo ngedusi Merry. Bak mandi lan pirantine dicepakna kabeh. (JDT, 2013:65)

Pethikan ing ndhuwur nggambarake kahanan nalika esuk Mariyanto tangi amarga krungu swara tangise anake. Bareng ditiliki jebul Merry ora karo Juminem, Merry banjur digendhong ngalor ngidul sinambi nggoleki Juminem. Padatan yen budhal neng pasar Juminem mesthi pamit, apa merga padudon mau bengi Juminem ora gelem pamit karo Mariyanto. Nanging bareng Mariyanto weruh ana meja wis cumepak wedhang kopi segelas dheweke saya ndhadha marang kaluputane. Rumangsa dadi wong lanang ora nduwe tanggung jawab. Ora ngerti neng endi parane Juminem, Mariyanto bingung kudu kepriye. Gelem ora gelem Mariyanto kudu nglakoni apa sing lumrahe di lakoni Juminem saben esuk. Wiwit nggaweke susu Merry, isah-isah piring lan gelas banjur nggoreng tempe kanggo sarapan. durung nganti rampung nggoreng tempe, keprungu Merry nangis awit susune durung diombekna. Merga jibek nandangi penggaweyan-penggaweyan kuwi nganti ora ngerti yen tempene gosong.

Lumantar Wong Liya

Cundhuk karo andharan ing ndhuwur konflik eksternal lan konflik internal ana ing sajrone crita ing novel JDT. Konflik eksternal mligine konflik sosial kagambarake sajrone novel lumantar prakara antara Mariyanto, Juminem lan kanca-kancane. Konflik internal kagambarake lumantar konflik batine Juminem lan Mbok Joyo Pangat. Saka pamerangan jinis konflik kasebut uga mangribawani cara mungkasi konflik sajrone novel kasebut. Cara mungkasi konflik ing kene bisa lumantar Dhiri Pribadi lan lumantar wong liya. Andharan luwih jangkep ana ing ngisor iki :

“Ana sing keru Yu.. iki ditampa! Minah karo menahi dhuwit Juminem sayuta. Karepe ngono ora gelem, nanging dipeksa-peksa karo adhine. Juminem mung ndomblong karo mbrebes mili luhe. Arep ngucapke matur nuwun durung klakon, awit Minah kesusu ngeblas lunga. (JDT, 2013:14)

Pethikan ing ndhuwur nggambarake Minah kang lagi awesh pambiyantu marang Juminem. Paraga Minah minangka adhine Juminem rumangsa

ora tega nyawang kahanane Juminem kang sarwa kecingkrangan. Mila Minah asring mblanjakake kebutuhane Juminem lan Merry. Saben sasi Minah uga menehi dhuwit supaya bisa ditabung dening Juminem, dhuwit kuwi kanggo jagane Merry mbesuk yen wis gedhe. Sakabehe tumindake Minah iku bisa dadi cara mungkasi konflik kang ana sajrone novel. Senadyan mung kaya mangkono nanging nduweni pangribawa marang uripe Juminem lan kulawargane. Juminem rumangsa seneng lan ora tega yen Minah asring mblanjake dheweke, karepe Juminem dhuwit kuwi supaya ditabung wae karo Minah kanggo kebutuhane Minah. Nanging Minah kandha yen sakabehe kebutuhane wis ditanggung simboke, lan uga saiki Minah lagu usaha dodolan pulsa kang asile uga wis lumayan.

Aktualitas Konflik Sosial ing Bale Wisma sajrone Novel JDT di Gayutake Klawan Kanyatan ing Bebrayan.

Sastra, manungsa lan bebrayan kuwi cetha banget gegayutane. Amarga sastra lan panguripan kuwi padha-padha ngandharake bab manungsa lan bebrayan. Kanggone sastra, bebrayan minangka faktor sing paling penting, lan bebrayan minangkan objek vital kanggo ilmu sosial. Sastra bisa tuwuh amarga owahe sosial bebrayan, uga bisa owahe sosial kang ana amarga ana karya sastra. Reriptan sastra mujudake sawijine gejala sosial, mila reriptan sastra bisa mujudake kaca pangilon tumrap urip bebrayan. Saka andharan konflik sosial sing tuwuh sajrone novel JDT bakal digayutake klawan aktualitas kanyatan ing bebrayan.

Bab kaping papat iki yaiku njlentrehake aktualitas konflik sosial ing bale wisma sajrone novel *Juminem Dodolan Tempe* yen digayutake karo kanyatan ing bebrayan. Aktualitas dhewe nduweni teges adhedhasar kanyatan utawa salah sawijining bab sing bener-bener nyata (KBBI, 2010:kbbi.web.com). Aktualitas nduweni gegayutan karo pawarta. Aktualitas minangka salah sawijine titikan saka pawarta sajrone medhia massa. Pawarta yaiku laporan ngenani kedadeyan sing lagi ana ing sedina iki lan kudu diwartakake langsung nalika kuwi lan pener. Sajrone medhia massa aktualitas dibutuhake supaya bisa narik kawigaten pamaos. Pamaos mbutuhake pawarta sing ngamot kedadeyan sing lagi wae ana.

Babagan iki kang bakal diandharake aktualitas konflik sosial ing bale wisma sajrone novel *Juminem Dodolan Tempe* kang digayutake karo aktualitase bale wisma ing bebrayan lumantar pawarta ing medhia massa. Ing kene bakal dijlentrehake aktualitas pawarta saka medhia massa sing nduweni gegayutan klawan konflik sosial sing ana sajrone novel. Prekara-prekara kasebut minangka wujud saka prekara ekonomi sing ana sajrone balewisma ing bebraya. Kahanan ekonomi sing sarwa kurang nyebabake manek warna konflik

sosial ing bebrayan. Ing ngisor iki bakal dijlentrehake :

“Alasan perceraian biasanya baru dikemukakan dalam persidangan. Beragam alasan muncul. Mulai alasan ekonomi hingga terjadinya kekerasan dalam rumah tangga (KDRT).” Karena pihak ketiga diselingkuhi juga ada,”ucap Vira Meyrawati Raminta, salah seorang advokat di PA Sidoarjo. Namun, sebagian besar PNS bercerai karena KDRT. Pihak perempuan merasa sudah tidak tahan melanjutkan mahligai rumah tangga karena berulan-ulang mendapat kekerasan.” (JP, 2017:29)

Jarwan:

“Alesan saka perceraian lumrahe bisa diomongake nalika sajrone sidhang. Maneka warna alesan tuwuh. Wiwit alesan ekonomi nganti anane tumindak durjana utawa KDRT.”Amarga saka tumindak sedheng uga ana,” semau Vira Meyrawati Raminta, salah sawijine advokat ing PA Sidoarjo. Nanging, alesan sing paling akeh PNS cerai amarga KDRT. Wong wedok rumangsa wis ora kuwat nerusake bale wisma amarga kerep oleh tumindak sing ora pantes utawa kekerasan.”

Pethikan ing ndhuwur nggambarake aktualitas bale wisma ing bebrayan. Bab ekonomi sajrone kulawarga bisa dadi faktor sing penting nyengkuyung anane perceraian. Kestabilan ekonomi sajrone kulawarga minangka pondhasi sing kudu dibangun kuwat. Mligine kanggo wong lanang sajrone kulawarga wajib ukume nduweni pengaweyan sing layak supaya bisa nguripi kulawargane. Tanggung jawabe wong lanang kuwi ora bisa ditinggalake utawa diganteni. Wong wedok mung saderma aweh pambiyantu tegese ora bisa diarani kudu bisa tanggung jawab marang kahanan ekonomi kulawargane.

Sakliyane alesan ekonomi, pawarta ing ndhuwur uga nggambarake yen penyebab anane perceraian yaiku tumindak durjana utawa KDRT lan anane perselingkuhan utawa tumindak sedheng. Penyebab-penyebab kuwi nduweni sesambungan siji lan liyane. Amarga ekonomine kurang apik lan oleh tekanan saka kulawarga bisa nuwuhake KDRT. KDRT lumrahe ana amarga manungsa ora kuwat nampa pacoban ing kulawargane banjur atine rumangsa tertekan lan ora bisa nguwasani emosine. Tumindak sedheng utawa perselingkuhan uga tuwuh amarga saka kahanan ekonomi kulawarga sing ora stabil utawa ora nyukupi. Banjur nduweni

rasa kepelemin nggolek sing luwih bisa nyukupi kebutuhane.

PANUTUP

Dudutan

Saka asile njlentrehake bab konflik sosial sajrone novel *Juminem Dodolan Tempe* anggitané Tulus S kanthi tintingan sosiologi sastra bisa didudut, crita ngenani konflik sosial sajrone novel *Juminem Dodolan Tempe* bisa diperang dadi telu kanthi nggunakake pendekatan strukturalisme sing tujuwane mbantu tintingan sosiologi sastra kanggo ngonceli crita sajrone novel yaiku 1) tema; 2) paraga; 3) alur. Tema kaperang dadi loro yaiku tema mayor lan tema minor. Tema mayor minangka tema utama sajrone crita yaiku kacingkrangan lan tema minor minangka tema panyengkuyung yaiku pangupajiwa lan katresnan. Paraga sajrone crita yaiku Juminem lan disengkuyung dening paraga-paraga liya yaiku Mariyanto, Minah, lan Mbok Joyo Pangat. Alur sing digunakake sajrone crita aiku alur campuran amarga nyritakake kedadeyan saiki sing nduweni sesambungan klawan kedadeyan taun kepungkur. Banjur nyritakake kedadeyan ing taun sabanjure.

Aspek-aspek sosiologis sajrone crita awujud konflik-konflik sosial sing tuwuh amarga kedadeyan-kedadeyan sing ana. Kedadeyan sing dadi punjer saka konflik-konflik sajrone crita yaiku kedadeyan nalika Juminem luwih milih Mariyanto tinimbang simboke. Juminem sing lagi kebacut tresna marang Mariyanto ora gelem ngrungokake kandhane simboke. Banjur saiki ngrasakake kahanan sing dilakoni minangka ukuman merga tumindaké mbiyen. Konflik batin paraga uga diceritakake lumantar paraga Juminem. Kedadeyan liya sing nuwuhake konflik yaiku Mariyanto ora nyambut gawe amarga di PHK dening perusahaané. Saka kedadeyan kuwi nuwuhake konflik sajrone balewismané yaiku uripe sing sarwa kacingkrangan lan ora bisa nyukupi kebutuhan keluargané. Amarga saka gengsi sing diduweni Mariyanto ndadekake dheweke ora nduweni penggaweyan. Konflik sabanjure yaiku nalika Mariyanto salah tanpa marang Juminem amarga nemokake buku tabungane Juminem.

Cara mungkasi konflik sajrone novel *Juminem Dodolan Tempe* yaiku lumantar pambiyantu saka wong liya. Pambiyantu kuwi arupa pambiyantu nyukupi butuhe keluargané Juminem lan pambiyantu menehi utangan dhuwit kanggo Mariyanto nggolek penggaweyan. Cara mungkasi konflik sabanjure yaiku Mariyanto sadar marang kelakuwane lan wiwit nyambut gawe dadi tukang parkir ing pasar. Pungkasan saka cara mungkasi konflik yaiku Juminem lan Mariyanto ketemu Mbok Joyo Pangat banjur padha njaluk sepura marang kaluputane mbiyen. Mbok Joyo Pangat sadar marang kaluputane banjur kepengi ngowahi kahanane keluargané supaya bisa luwih rukun.

Saka kedadeyan kuwi, Juminem lan Mariyanto ora nandang kacingkrangan amarga Mbok Joyo Pangat ngutus Mariyanto ngelola usahane ing ndeso.

Aktualitase konflik sosial ing balewismané sajroné novel *Juminem Dodolan Tempe* yen digayutake klawan kanyatan ing bebrayan. Konflik sosial ing bebrayan luwih akeh jinisé tinimbang sajroné crita. Ing bebrayan konflik-konflik kuwi bisa luwih nemen akibaté tinimbang sajroné novel. Cundhuk klawan konflik sosial ing novel, konflik sosial ing bebrayan uga dijalari amarga ekonomi. Saka babagan ekonomi kuwi nuwuhake konflik yaiku tumindak kriminal kayata maling, brandhal nganti mateni wong liya. Semana uga konflik sing adhedhasar prakara katresnan.

Saka patang peranan kasebut bisa dingerteni menawa konflik sosial sajroné balewismané kuwi bisa tuwuh amarga anané kedadeyan-kedadeyan sing nyengkuyung. Konflik sosial kasebut uga lumrah ana ing balewismané. Mligine ngenani penggaweyan lan tanggung jawab wong priya sajroné balewismané. Wong priya nduweni tanggung jawab sing gedhi marang keluargané, mila wis wajib kanggoné wong lanang supaya nduweni penggaweyan. Kedadeyan lan konflik nduweni sesambungan sing ora bisa dipisahke. Kedadeyan-kedadeyan sing ana nuwuhake konflik-konflik lan konflik-konflik kuwi bisa dadi penyebab saka tuwuhé konflik liyané.

Pamrayoga

Panliten iki mujudake panliten sing isih ana perangan-perangan sing durung bisa kawedhar kanthi gamblang. Tintingan sosiologi sastra sing digunakake kanggo nemokake konflik sosial sajroné novel *Juminem Dodolan Tempe* anggitané Tulus S luwih nggayutake tumrap realitas konflik sosial sing ana sajroné bebrayan. Panliten ngenani konflik sosial sajroné balewismané isih prelu ditindakake kanggo ngerteni pangrembakane konflik sosial sajroné reiptan sastra mligine sastra Jawa modern.

Panliten bab konflik sosial balewismané sajroné genre sastra mligine sastra Jawa modern isih prelu ditindakake kanggo mangerteni maneka crita ngenani konflik sosial ing balewismané sing ana sajroné jinis-jinis genre sastra. Konflik sosial ing balewismané sajroné novel bisa ditindakake kanggo ngerteni penyebab-penyebab sing ndadekake konflik sajroné balewismané kuwi tuwuh. Asile panliten iki bisa dadi bahan rujukan kanggo pasinaon sastra mligine sastra Jawa ing perguruan tinggi.

KAPUSTAKAN

Aminuddin. 2010. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru

Apriyani, Dwika. 2010. *Konflik Sosial ing Cerbung Sing Kendhang lan Sing Ngandhang anggitané Suryadi Ws.*

- Skripsi tidak diterbitkan. PBD FBS Unesa.
- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Aziez, Furkqonul lan Abdul Hasim. 2010. *Menganalisa Fiksi*. Jakarrta: PT Multi Kreasi Satudelpaan.
- Damono, Sapardi Djoko. 1978. *Sosiologi Sastra Sebagai Pengantar Ringkas*. Jakarta: Departemen Pendidikan & Kebudayaan.
- Endraswara, Suwardi. 2013. *Metode Penelitian Sastra: epistemology, model teori dan aplikasi*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Faruk. 2014. *Pengantar Sosiologi Sastra (Edisi Revisi)*. Yogyakarta: Pustaka Belajar.
- Hutomo, Suripan Sadi. *Sosiologi Sastra Jawa*. 1997. Jakarta: Balai Pustaka.
- Moleong, Lexy J. 2008. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Munir, Fuady. 2011. *Teori-teori Dalam Sosiologi Hukum*. Jakarta: Kencana Prenada Media Group.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2013. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Pradopo, Rahmad Djoko. 2003. *Prinsip-Prinsip Kritik Sastra*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2011. *Paradigma Sosiologi Sastra*. Jakarta: Pustaka Pelajar.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Teoori, Metode, lan teknik Penelitian sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar Offset.
- Soekanto, Sardjono. 2013. *Sosiologi Suatu Pengantar*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.
- Sunarto. 2011. *Metode Penelitian Ilmu-Ilmu Sosial dan Pendidikan (Pendekatan Kuantitatif dan Kualitatif)*.
- Sunarto, Kamanto. 2011. *Sosiologi the Basics*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.
- Supomo. 2014. *89 Warga Dolly Jadi Linmas*. Surabaya: Jawa Pos.
- Teeuw, A. 2013. *Sastra dan Ilmu Sastra Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya Girimukti Pusaka.
- Wellek, Rene dan Austin Werren. 2014. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia
- Arifin, Mushallin, 2017. "Perceraian PNS Meningkatkan Bulan Ini". Jawa Pos, 29 Juli 2017.
- INTERNET**
- Berita Center. (2017, 16 Januari). Kuras Harta Majikan Karena Faktor Ekonomi. Diakses 29 Juli 2017, dari <http://beritacenter.com/mobile/news-146753-kuras-majikan-karena-faktor-ekonomi.html>
- Harian Umum Independen Singgalang. (2015, 5 Desember). Pembunuhan Dilakukan Diduga Dipicu Faktor Ekonomi. Diakses 29 Juli 2017, dari <https://harian-singgalang.co.id/pembunuhan-dilakukan-diduga-dipicu-faktor-ekonomi>
- Liputan6. (2017, 4 Maret) Bunuh Suami Karena Miskin. Diakses 29 Juli 2017, dari <http://m.liputan6.com/regional/read/3067739/bunuh-suami-karena-miskin>.
- Kompas.com.(2017, 25 Januari). Diduga Karena Faktor Ekonomi Abdul Tewas Gantung Diri. Diakses 29 Juli 2017, dari <http://regional.kompas.com/read/2017/01/25/19523461/diduga.karena.faktor.ekonomi.abdul.tewas.gantung.diri>
- Liputan6. (2017, 29 Juli). PNS Garut Nekat Mencuri Tas Akibat Utang. Diakses 29 Juli 2017, dari <http://m.liputan6.com/regional/read/3039582/pns-garut-nekat-mencuri-tas-akibat-utang>
- Sindonews.com. (2016, 11 Agustus). Bocah Perempuan Disekap Karena Orangtua Tak Mampu Bayar Utang. Diakses 29 Juli 2017, dari <https://daerah.sindonews.com/read/1130361>

[/190/bocah-perempuan-disekap-karena-orangtua-tak-mampu-bayar-utang-1470878568](http://190/bocah-perempuan-disekap-karena-orangtua-tak-mampu-bayar-utang-1470878568)

Liputan6.(2017, 6 Mei). Video: Keluarga Miskin dengan 12 Anak Ini Hidup di Area Makam. Diakses 30 Juli 2017, dari <http://n.liputan6.com/tv/read/2942845/video-keluarga-miskin-dengan-12-anak-ini-hidup-di-area-makam>





UNESA

Universitas Negeri Surabaya